SOSYETE KOUKOUY AN AKSYON

REYAKSYON MICHEL-ANGE HYPPOLITE SOU PWOPO ZANMI LI YO OSIJÈ NOUVO MO NAN LANNG KREYÒL LA
MICHEL-ANGE HYPPOLITE - KAPTENN

Mwen remèsye tout moun ki pataje lide yo avèk mwen sou dosye mo nèf yo, dimwens sou lide pou nou anrichi vokabilè lang kreyòl la nan branch lasyans. Anfèt, reyalite mwen vle prezante devan nou an, konsène tout branch lakonesans soti nan travay mànyèl jouk rive nan branch ki ap voye moun sou divès planèt ki nan sistèm solèy a.

Jodi a, mwen santi li nesesè pou mwen di nou tout, ki te reyaji sou mesaj mwen te voye pou nou konsènan mo nèf yo, mèsi pou divès pwopozisyon nou te fè mwen yo. Men tou, mwen vle pataje pwòp lide pa mwen avèk nou sou dosye mo teknik yo.

Lè nou vizite espas entènèt sa yo:
. https://fondaskreyol.org/article/lawonn-bel-zanno-se-ki-sa
https://fondaskreyol.org/article/bidim-blo-a-sa-sa-ye-an-vre

Nou va remake, moun ki nan Gwadloup epi Matinik yo pwopoze anpil mo nan domèn lasyans an fonksyon pwòp espas kiltirèl, kote yo ap viv la. Noumenm tou, Ayisyen, nou genyen anpil moun pami nou, ki genyen menm tandans lan. Nan lespri pa mwen, si fanm ak gason nan divès branch lakonesans, ki itilize lang womàn yo, te chwazi monte – anpil fwa- sou teren an avèk laten oswa grèk, noumenm tou, kòm atizan kreyòl, ki gen baz leksikal franse, nou kapab kontinye suiv wout yo deja trase yo pou nou ranpli dyakout pa nou. Sa vle di, sèvi avèk menm mo moun sa yo deja valide nan pratik travay yo epi mete yo nan òtograf pa nou. Depi nan ane 1989, mwen te aplike prensip sila a anndan liv mwen an: *Atlas Leksik Zo Mounn: Nan 4 lanng,* Edisyon Koukouy. Travay sa a, se sèten, li merite revizite, men apwòch konparatif li itilize a, se yon apwòch nou kapab kenbe. Si tout peyi ki pale kreyòl avèk baz leksikal franse yo fè menm travay la, nan divès domèn yo chwazi mete an kreyòl yo, nou ap deja genyen yon inanimite nan mitan nou. Dwayen Renaud Govain nan FLA (Fakilte Lengwitik Aplike) an Ayiti ale nan menm sans konparatif la tou nan yon konferans li te prezante 11 desanm 2021. Nou kapab suiv konferans lan sou REKA (Rezo Entènèt Kreyolis Ayisyen).

Avantaj nan itilize vokabilè teknik ki soti nan baz lanng woman yo

Kòm nou kapab remake li, apre nou fin konsilte de lyen ki pi wo yo, genyen plizyè mo ekip moun ki ekri tèks sou lespas la itilize, noumenm Ayisyen ki Ayiti, nou pa konnen yo. Se paske anpil nan mo sa yo pa soti nan milye kiltirèl pa nou. Si tout peyi ki pale kreyòl yo aji menm jan an, nou ap genyen difikilte pou nou kominike ant noumenm nan yon seri domèn ki inivèsèl. Sepandan, si nou tout, nou sèvi avèk menm mo lang womàn yo deja itilize yo, nou ap evite pwoblèm sa a. Piplis toujou, nou ap rann li pi fasil pou ekspè nou yo itilize mo sa yo san pwoblèm, paske yo konnen yo deja.

Lè nou chwazi mo ki plis santre sou eritay kiltirèl nou pou domèn teknik yo, premye pwoblèm nou pral konfwonte, se koze konpetisyon an. Chak moun ki parèt avèk yon pwopozisyon ap gen tandans di: **se pa li a ki pi bon**. Nou kapab imajine nou genyen 3-4 moun ki ka pa vle fè konsesyon. Se twa oswa kat mo ki ap woule nan mitan nou. Anvan pou se yonn ladan yo lizay rive adopte, sa ka pran anpil tan epi pandanstan domèn lan limenm ap evolye pi plis chak ane. **Epi, mwen ap redi li yon lòt fwa, ekspè nan branch sa yo, ki deja abitye avèk pwòp langay pa yo, pa pe janm vle kite abitid yo deja genyen an pou yo al aprann lòt mo ki pa nan abitid travay yo.**

Entansyon mwen, lè mwen ekri nou lèt sa a, se ankouraje nou reflechi sou yon metòd pou nou rantre mo nan divès domèn anndan lanng kreyòl nou an pandan nou ap evite konpetisyon ki initil. Se pa noumenm zanmi mwen yo, ki pou kreye mo sa yo. Se moun ki nan divès branch espesyalize sa yo ki pou devlope mo sa yo anndan liv yo ap ekri oswa anndan atik yo ap ekri sou domèn lan. Rezon an se paske fòk yon moun ap travay nan domèn pou li rive pèse mistè ki genyen nan domèn sila a epi transfere li nan pwòp lang matenèl li oswa lanng lanng parantal li, pou mwen reprann pawòl Henri-Robert Durandisse.

Men kèk ekzanp

Tablo mwen prezante nou pi ba a, se Dwayen Renaud Govain ki te prezante li nan dat 11 desanm 2021 nan konferans li te prezante sou zoum. Nou va jwenn li anndan REKA (Rezo Entènèt Kreyolis Ayiaywn)

TABLO TRANSVÈSAL SIFIKS «LOJI»

FRANSÈ	KREYÒL	ANGLÈ	ESPAYÒL	PÒTIGÈ	ALMAN
Physiologie	Fizyoloji	Physiology	Fisiología	Fisiologia	Physiologie
Morphologie	Mòfoloji	Morphology	Morfo-logía	Morfo-logia	Morphologie
Géologie	Jewoloji	Geology	Geología	Geologia	Geologie
Sismologie	Sismoloji	Seismology	sismolo-gía	Sismologia	Seismologie
Biologie	Byoloji	Biology	Biología	Biologia	Biologie
Ophtalmologie	Oftalmoloji	Ophthalmology	Oftalmo-logía	Oftalmo-logia	Ophthal-mologie
Radiologie	Radyoloji	Radiology	Radio-logía	Radio-logia	Radiologie

TABLO TRANSVÈSAL MO POU KÈK FÒM ESTILISTIK

Kreyòl Ayisyen	Français	English	Español
Asonans	Assonance	Assonance	Asonancia
Metafò	Métaphore	metaphor	Metafora
Anafò	Anaphore	Anaphor	Anáfora
Pèsonifikasyon	Personnification	Personification	Personificación
Aliterasyon	Allitération	Alliteration	Aliteración
Akimilasyon	Accumulation	Accumulation	Acumulació
Anadiploz	Anadiplose	Anadiplosis	Anadiplosis
Konparezon	comparaison	comparaison	comparación
Dyafò	Diaphore	Diaphore	
Analèp	Analepse	Analepsis	Analepsis
Ipèbòl	Hyperbole	Hyperbole	Hipérbole
Litòt	Litote	Litote	Litote
Pleyonas	Pléonasme	Pleonasm	Pleonasmo
Anteperifò	Antépériphore		
Kyas	Chiasme	Chiasmus	Quiasmo
Antitèz	Antithèse	Antithesis	Antítesis
Kalanbou	Calembour	Joke	Juego de palabras
Alegori	Allégorie	Allegory	Alegoría
Totoloji	Tautologie	Tautology	Tautología
Anagram	Anagramme	Anagram	Anagrama

Nan yon lòt atik, mwen va prezante definisyon kèk nan mo sa yo avèk yon ekzanp ki pou kore fòm estilistik la. Depi nan finisman ane 1990 yo pou nou debouche sou ane 2000 yo, mwen te deja parèt avèk yon eslogan ki di: **Kreyòl pa gen limit**. **Si li ta genyen yonn, limit sila a, se limit moun ki pale li yo.**

Nan moman mwen te premye sèvi avèk apwòch mwen kontinye ap ankouraje nou suiv nan branch teknik yo, mwen pa te konnen mo teknik nan domèn lenguistik pou fòm prete mo sila a. Men, jounen jodi a, mwen vin aprann metòd sa a rele ***Emprunt intégra***l nan lang franse. Se yon teknik prete mo,kote gwoup lenguistik ki fè pretay la, sèvi ni avèk mo li prete a, ni avèk sans mo a. Li enpòtan pou mwen fè nou remake, pafwa yon lang gen dwa prete fòm mo a nan men yon lòt lang, men li pa kenbe sans mo a. Yon ekzanp rapid, se mo *librairie* franse a. Lang angle a di: *library,* men libreri an franse pa genyen menm sans avèk mo library angle a, poutan yo sanble. Nan domèn tradiksyon yo rele sa ***Faux Amis***..

Daprè defen Pwofesè Pierre Vernet : «Kèlkeswa lang lan, nan momann li ap fèt, [li prete mo]. Se pa yon bon jou konsa li leve li fèt. Tout lang fèt ofiramezi.» (Cf. Pierre Vernet, (1989) Hommages au Docteur Pradel Pompilus) Pou li fèt ofiramezi a, ti bout pa ti bout la, se nan lòt lang ki la deja pou li pran. Se sa mwen kontinye ap pwopoze nou pou lang kreyòl Ayiti a.

Pou nou fini

Entansyon mwen jodi a, se mete chapo atizan kreyòl mwen nan tèt mwen pou mwen pwopoze nou chemen nou kab suiv pou nou anrichi vokabilè lang kreyòl la daprè ekspètiz nou. Se sa Yvon Lamour, nan SDKA (Sant Devlopman Kreyòl Ayisyen) te fè mwen konprann depi nan finisman ane 1980 yo epi mwen kontinye ap di li mèsi.

Pandan mwen la a, mwen ap ankouraje Akademi Kreyòl Ayisyen pou li lonje lamen bay divès gwoup ki ap travay pou avansman lang kreyòl la, epi mande yo sipò yo nan kèk branch espesifik pou yo ede lang kreyòl devlope mo nan domèn teknik. Alaverite, de tablo yo ki pi wo a, demontre nou aklè, tout lang yo klase nan kategori lang womàn yo aji menm jan sou plan leksikal. Se tankou yonn prete mo nan men lòt selon prensip ***Emprunt intégra***l la. Ki sa ki anpeche Akademi Kreyòl Ayisyen an suiv menm wout la? **Chemen an tou trase pou nou. Se suiv senpman nou dwe suiv li. Pandan mwen ap ekri la a, mwen wè Sosyete Koukouy, Sant N A Rive, KEPKAA, Educa Vision, Espas Kreyòl, UEH / ILA, inivèsite prive yo, elatriye, yo tout se patnè posib, ki kapab kore Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA), nan kalite travay sa a. Annou travay ansanm pou avansman lanng kreyòl la.** Otreman, se nou tout ki riske peri ansanm.

ZOUTI POU YON TRAVAY PWOFESYONÈL

Nan seksyon zouti pou yon travay pwofesyonèl, nou va jwenn kèk enfòmasyon ki kapab ede nou fonksyone pi byen.

BYEN JERE YON REYINYON SOU ZOUM
Ak Henri-Robert Durandisse
Entwodiksyon

Jere yon reyinyon sou *Zoom* avèk efikasite depann sou aplikasyon règ ki byen estriktire, ki pèmèt chak patisipan kontribye nan yon fason òdone epi pwodiktif. Pou nou garanti reyinyon an dewoule san pwoblèm, li esansyèl pou nou suiv sèten pratik nan domèn preparasyon, kominikasyon, ak jesyon tan. Objektif règ sa yo se kreye yon anviwònman travay kolaboratif, pandan yo ap maksimize efikasite epi ankouraje yon klima respè mityèl epi enklizif pou tout patisipan yo.

Règleman ki annapre yo kouvri aspè esansyèl tankou preparasyon anvan reyinyon an, jesyon pran lapawòl, itilizasyon fonksyon *Zoom* yo avèk sajès, ansanm ak fason pou fèmen reyinyon an. Genyen yon atansyon espesyal pou garanti chak moun, ki vle, rive patisipe anvan reyinyon an fini.

Lè ou adopte règ sa yo, ou pral amilyore nonsèlman sikilasyon diskisyon yo, men tou ou pral asire ou, ou rive kouvri tout objektif reyinyon an avèk efikasite epi respè.

Règ pou nou jere yon reyinyon sou *Zoom*

1. Preparasyon anvan reyinyon an :
- **Klate envitasyon yo** : Voye envitasyon ki gen pwogram rankont lan, lè egzat la epi lyen pou moun yo konekte a.
- **Konfigirasyon teknik** : Asire w, tout ekipman yo (kamera, mikwofòn, koneksyon entènèt) pare anvan reyinyon an.
- **Teste *Zoom* lan** : Mande patisipan yo pou yo teste koneksyon yo ansanm ak paramèt *Zoom* yo anvan reyinyon an. Sa ap evite reta.

2. Kòmanse alè :
- **Louvri sal atant lan** : Louvri espas, kote moun yo ap tann lan 5-10 minit anvan lè reyinyon an pou pèmèt patisipan yo konekte.
- **Respekte lè a** : Kòmanse epi fini reyinyon an alè pou respekte tan patisipan yo.

3. Règ kominikasyon :
- **Itilizasyon mikwofòn** : Patisipan yo ta dwe fèmen mikwofòn yo lè yo pa pe pale. Sa ap evite bri ki ap fèt alantou moun lan rive nan zòrèy lòt patisipan yo.
- **Pran lapawòl** : Ankouraje patisipan yo pou yo itilize fonksyon "*leve men"* oswa espas klavadaj la (tyat) pou yo anonse, yo vle pale.
- **Videyo** : Si sa posib, mande patisipan yo pou yo limen kamera yo pou ankouraje angajman, men ba yo pèmisyon pou yo etenn li si sa nesesè (tankou pou ekonomize bande passante).

4. Jesyon tan pale :
- **Moderasyon aktif** : Chwazi yon moderatè oswa yon moun ki responsab pou distribye lapawòl epi asire li, chak patisipan ki vle, gen chans pou li pale.
- **Mete limit tan** : Mete limit tan pou entèvansyon yo pou evite depase tan ki prevwa a.
- **Lis entèvansyon** : Si gen patisipan ki sou yon lis pou pran lapawòl, asire w, ou ba yo chans pou yo di sa ki nan panse yo anvan reyinyon an fini.

5. Itilizasyon klavadaj la (tyat) :
- **Kesyon ak kòmantè** : Ankouraje itilizasyon klavadaj la pou ou poze kesyon oswa pataje lyen san entèwonp diskisyon an.
- **Modere klavadaj la (tyat)** : Asire w, gen yon moun ki ap siveye espas klavadaj la (tyat) pou li reponn kesyon oswa siyale pwoblèm teknik.

6. Pataje ekran ak dokiman :
- **Pataj limite** : Se sèlman moun ki gen yon dosye pou li prezante ki ta dwe pataje ekran an.
- **Distribisyon dokiman** : Prepare pou pataje dokiman yo vya *Zoom* oswa imèl anvan oswa apre reyinyon an pou evite distraksyon pandan diskisyon yo.

7. Desizyon ak swivi :
- **Pran desizyon** : Rezime pwen kle yo ak desizyon ki te pran yo nan finisman chak diskisyon.
- **Swivi** : Apre reyinyon an, voye yon rapò avèk desizyon yo ak aksyon ki dwe fèt.

8. Règ respè :
- **Respekte opinyon yo** : Ankouraje patisipan yo pou yo respekte opinyon diferan moun epi evite entèwonp moun ki ap pale yo.
- **Siyale pwoblèm yo** : Si gen konpòtman ki pa apwopriye, bay yon avètisman, epi si sa nesesè, eskli moun nan.

9. Fèmen reyinyon an :
- **Avètisman anvan finisman entèvansyon yo** : Anvan ou fèmen lis entèvansyon yo, avèti patisipan yo, yo gen yon dènye chans pou yo enskri oswa pou yo leve men yo. Enfòme yo, apre pwen sa, lis la pral fèmen.
- **Lis entèvansyon yo** : Asire w, tout moun ki enskri sou lis entèvansyon yo te gen chans pou yo pran lapawòl anvan reyinyon an fini.

Nou ap aplike tout regleman sa yo pou nou kapab rive viv reyinyon yo epi byen viv yo ansann. (sous konbine)

BIYÈ LEKTÈ YO
Henri-Robert Durandisse

Kanmarad Kaptenn Koukouwouj,

Mwen vle eksprime tout rekonesans mwen pou kontribisyon enpòtan ou nan devlopman ak analiz istwa literati kreyòl Ayiti, espesyalman atravè konferans ou sou "Peryodizasyon epi istorik pwezi kreyòl Ayiti: peryòd kolonyal." Ou te reyalize yon travay remakab lè ou te esplike ak presizyon diferans ant kouran epi tandans literè nan literati Ayiti a. Anplis, ou te bay yon kontèks istorik enpòtan pou ede plis moun konprann evolisyon pwezi kreyòl Ayiti a ak wòl li nan refleksyon sou idantite nasyonal nou. Mèsi anpil Kaptenn.

Refleksyon ou sou wòl lang kreyòl la kòm yon zouti estratejik pandan peryòd kolonyal la touche m pwofondeman. Ou te byen esplike jan lang sa a te sèvi kòm mwayen pou pèp ayisyen an komike epi òganize pandan yo te ape lite kont sistèm esklavajis la. Lang kreyòl la, malgre tout obstak, te tounen yon fil ki konekte moun ki gen konviksyon epi gen peyi, ede zansèt nou yo nan òganizasyon rezistans yo pou libète. Aspè sa a, nan istwa rezistans Ayiti, se yon pwen ou te eklere avèk kouraj e li enspire anpil moun, enkliyan mwenmenm.

Mwen apresye jan ou te abòde prejije ki te kont lang kreyòl la depi nan epòk kolonyal la e ki kontinye jiska jodi a. Ou raple nou travay pou nou fè ansanm pou nou bay lang sa a plas li merite nan sosyete ayisyen an, se yon devwa istorik, paske lang kreyòl la pote nan nannan li listwa, kilti, epi espwa pèp nou an. Malgre diskriminasyon ki te anpeche kreyòl la pran plas li nan lavi ofisyèl Leta, ou montre klèman nesesite pou nou rekonèt valè epi potansyèl li kòm zouti ekspresyon literè ak kreyasyon atistik.

Travay ou fè nan lang kreyòl la pèmèt nou apresye pwezi kreyòl la ansanm ak fason li jwenn plas li kòm yon pati entegral nan patrimwàn Ayiti. Ou tabli yon fondasyon solid pou jenerasyon ki ap vini yo, yon baz kote yo ka bati plis travay pou yo pi byen konprann epi valorize kilti kreyòl la. Kaptenn, mwen remèsye w pou devouman ak angajman w. Ou defann literati kreyòl Ayiti a avèk tout kè w, paske ou ba pèp ayisyen yon sous fyète ki ranfòse sans idantite nou.

Kanmarad, angajman ou nan valorizasyon literati kreyòl Ayiti a pote yon espwa pou kilti nou epi li klere chemen pou anpil lòt ki ap vini. Ou ban nou opòtinite pou nou konprann kilti nou se yon richès nou dwe pote ak kouraj epi ranfòse li . Se travay tankou pa w la ki fè nou santi literati kreyòl la se yon espas pou dyalòg, pou rezistans, epi pou avansman nasyon an.

Chapo ba, Kaptenn, avèk tout rekonesans epi admirasyon mwen gen pou ou ansanm ak travay ou fè nan lang ak literati kreyòl la.